

**KAJIAN FILOLOGI SĀHĀ PIWULANG MORAL ING PASRAWUNGAN WONTĒN
TEKS SĒRAT WASITĀDARMĀ**

E-JOURNAL SKRIPSI

Dipunajĕngakĕn dhatĕng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
minĕngkĀ Salah Satungaling Sarat
Anggayuh Gelar Sarjana Pendidikan



dĕning

Indah Uci Wulandari

NIM 14205241058

Yogyakarta, 24 Juli 2018
Pembimbing,



Dra. Hesti Mulyani, M.Hum.
NIP 19610313 198811 2 002

Yogyakarta, 24 Juli 2018
Ketua Jurusan,



Prof. Dr. Suwardi, M.Hum.
NIP 19640403 199001 1 004

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA**

2018

KAJIAN FILOLOGI SÂHÅ PIWULANG MORAL ING PASRAWUNGAN WONTÊN TEKS SÊRAT WASITÂDARMÂ

PHILOLOGY STUDY AND MORAL VALUES IN ASSOCIATION IN THE TEXT SÊRAT WASITÂDARMÂ

Déning: Indah Uci Wulandari, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta. indahuciwulandari@gmail.com.

Sarining Panalitèn

Panalitèn mênikå ngêwrat ênêm ancas panalitèn. Ancasing panalitèn mênikå kanggé: (1) ngandharakên asiling *inventarisasi naskah SWD*, (2) ngandharakên *deskripsi naskah Sêrat Wasitâdarmâ (SWD)*, (3) ndamêl *transkripsi teks SWD*, (4) ndamêl *transliterasi sâhå suntingan teks SWD*, (5) ndamêl *terjemahan teks SWD* sartå (6) ngandharakên piwulang *moral* ing pasrawungan wontên *teks SWD*. Panalitèn mênikå ngginakakên *metode panalitèn filologi sâhå metode panalitèn deskriptif*. Sumber panalitèn mênikå inggih *naskah sâhå teks SWD koleksi Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya Tamansiswa*. Caranipun ngêmpalakên *data* ing panalitèn mênikå ngginakakên lampahing panalitèn *filologi*, inggih mênikå *inventarisasi naskah, deskripsi naskah, transkripsi, transliterasi, suntingan, terjemahan teks, sâhå analisis isining teks*. Analisis *data* ngginakakên *teknik analisis deskriptif*. Validitas ingkang dipunginakakên, inggih mênikå *validitas semantik*. Reliabilitas ingkang dipunginakakên, inggih mênikå *reliabilitas intrarater sâhå interrater*. Asiling panalitèn mênikå ngandharakên ênêm bab. Sapisan, *naskah SWD* dipunpangghakên wontên kalih *eksemplar*, satunggal *eksemplar* dipunginakakên minångkå *sumber* panalitèn. Wondéné kapangghakên tigang *eksemplar* malih ingkang sajinis nanging botên dipunginakakên ing panalitèn mênikå amargi isinipun botên jumbuh kaliyan ancasing panalitèn. Kapindho kawontênaning *naskah SWD* sampun radi rusak, nanging sêratanipun taksih sagêd kawaos. Katigå, *transkripsi naskah SWD* ngginakakên *metode transkripsi diplomatik* dipungarap kanthi nyêrat malih sêrataning *teks SWD* ngginakakên aksårå ingkang sami. Kaping sakawan *transliterasi naskah SWD* dipungarap kanthi ngêwahi sêratan aksårå Jåwå dhatêng aksårå Latin. *Suntingan teks* ngginakakên *metode suntingan teks edisi standar*, wondéné sadåyå éwah-éwahan ing *suntingan teks* kaandharakên ing *aparatur kritik*. Gangsal, *terjemahan teks* dipungarap kanthi nggantos basaning *teks*, inggih saking bâså Jawi dados bâså Indonesia ngginakakên *metode terjemahan harfiah, terjemahan isi, sâhå terjemahan bebas* ingkang dipungarap kanthi *kontekstual*. Kaping ênêm, asiling ngrêmbag isining *teks SWD*. Piwulang *moral* ing pasrawungan ingkang dipunpangghakên dipun-kategorisasi dados warni kalih inggih mênikå tumindak ingkang kêdah dipuntindakakên kaliyan tumindak ingkang kêdah dipunsingkiri déning manungså ing pasrawungan.

Pamijining tembung: *filologi, piwulang moral, SWD*.

Abstract

This study contains six research objectives. The aims of this research are to: (1) describe the manuscript inventory of SWD, (2) study the manuscript description of SWD, (3) make text transcription of SWD, (4) make transliteration and editstext of SWD, (5) create translation text of SWD, and (6) scrutinize the moral values in association presented in SWD. This research uses the method of philological research and descriptive research. The source of data in this research is the manuscript and text SWD collection of museum libraries Dewantara Kirti Griya Tamansiswa. How to collect data in this research using philology research flow that is describe the manuscript inventory, study the manuscript description, make text transcription, make text transliteration and text edits, create text translation, and scrutinize the moral values in association. Analysis of data analysis techniques descriptive analysis. Validity used is semantic validity. Reliability used is the reliability of intrarater and interrater. The results of this study explain six chapters. First, SWD script found there are two copies, one copy is used as a research source. Also found three copies of a kind but not used because the contents are not in accordance with research purposes. Secondly, SWD manuscript is already slightly damaged but the text can still be read clearly. Third, transcription of SWD manuscript using diplomatic transcription method by rewriting SWD text writing by using the same letter. Fourth, transliteration of SWD manuscript is done by changing the script of Javanese script into Latin script. Text edits using standard edit methods, if any changes in text edits are described in the critical apparatus. Fifth, the translation of the text is done by changing the language of the text of the Java language into Indonesian language using literal translation methods, content translation, and free translation that applied contextually. Sixth, SWD text analys. Moral values in the founding then subsequently categorized into two kinds of behaviors to be done and behaviors that should be avoided by humans in the association.

Keywords: *Philologi, moral values, SWD*

Dra. Hesti Mulyani, M.Hum.

PURWAKA

Karya tulis Jawi inggih mênika satunggaling sarana ingkang sinêrat kanggé ngandharakên gagasan ingkang gayut kaliyan pagêsangan. Karya tulis Jawi mênika kasêrat mawi basa ingkang mrêntul saking pangraos saha pamanah ingkang ngêwrat kawruh saha piwulang prakawis agami, sêjarah, sastrâ, mitologi, legenda, adat istiadat, lsp. Karya tulis Jawi wontên ingkang sinêrat carik utawi ingkang taksih ngginakakên sêratan asta saha wontên ingkang sinêrat cithak, inggih mênika ingkang dipunsêbut *naskah*. *Naskah* dipunsêbut ugi *handschrift* utawi *manuscript* inggih mênika salah satunggaling asiling kabudayan ingkang sipatipun *konkret* saha ngêwrat mawarni-warni kawruh ingkang kédah dipunlêstantunakên.

Naskah Jawi miturut Mulyani (2014: 1), inggih mênika anggitan ingkang ngandharakên bab-bab tartamtu, sinêrat mawi aksara Jawa utawi aksara Latin kanthi ngginakakên basa Jawa Kinã, Jawa *Pertengahan*, utawi Jawa Anyar. *Naskah* Jawi mênika *teks*-ipun kasêrat kanthi dhapukan gancaran, sêkar, saha pawicantênan (*drama*). *Naskah* utawi *manuskrip* Jawi dumugi samênika kasimpên wontên ing papan panyimpêning *naskah* utawi bêbadan pamaréntah, *swasta*, mênapa déné pribadi ingkang sumêbar wontên ing masarakat ing Indonesia mênapa déné ngamancã (Mulyani, 2009: 7).

Salah satunggaling lampahing panalitèn ingkang sagêd nggampilakên anggènipun mangrêtosni isining *naskah* Jawi saha minangka upaya *penyelamatan naskah* utawi *manuskrip*, inggih mênika kanthi lampahing panalitèn

Kajian Filologi saha ... (Indah Uci Wulandari) 2 *filologi*. Djamaris (2002: 3) ngandharakên bilih *Filologi*, inggih mênika kawruh ingkang *objek* panalitènipun *naskah* kinã. Salajêngipun, Baroroh-Baried (1985: 4), ugi ngandharakên bilih *wahana teks-teks filologi* wontên ingkang *teks lisan saha teks* ingkang sinêrat. *Teks* ingkang sinêrat sagêd dipunsêrat ngginakakên sêratan tangan utawi biasanipun dipunsêbut *naskah* saha wontên ingkang sêratan cithak.

Salah satunggaling *naskah* utawi *manuskrip* ingkang sinêrat cithak inggih mênika *Naskah Sêrat Wasitadarmã*. *Naskah Sêrat Wasitadarmã* inggih mênika minangka salah satunggaling *naskah* utawi *manuskrip* ingkang dumugi samênika taksih lêstantun saha karimat. *Sêrat Wasitadarmã* kapanggihakên ing Buku *Daftar Koleksi Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya Tamasiswa* ingkang kasimpên wontên ing Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya Tamasiswa minangka salah satunggaling *naskah* Jawi kanthi dhapukan gancaran, sinêrat ngginakakên aksara Jawa, saha kalêbêt *naskah* piwulang.

Sêrat Wasitadarmã ugi ngêwrat piwulang *moral* ingkang sagêd dipuntaliti saha dipuncakakên ing pagêsangan jaman samênika. Piwulang *moral* dipuntaliti amargi piwulang *moral* mênika bab ingkang wigatos. *Moral* mênika gayut kaliyan budi pakêrti, kasagêdan utawi kaprigêlan nêmtokakên lêrês mênapa lêpatipun tindak-tanduk. Wondéné *moral* ingkang dipunandharakên ing salêbêting *teks Sêrat Wasitadarmã* inggih mênika *moral* nalikanipun lumampah ing pasrawungan umum. *Teks Sêrat Wasitadarmã* ngêwrat bab sarana pambukaning

Dra. Hesti Mulyani, M.Hum.

tékad ingkang dipuntujokakên kanggé sadâyâ tiyang mliginipun tiyang Jawi supados sagêdâ tulus nalikânipun nglampahi pasrawungan ing madyaning bêbrayan masarakat.

Kawontênaning masarakat jaman samênikâ ingkang taksih kathah ingkang tindak-tandukipun taksih dèrèng trêp kaliyan pranatan ingkang wontên ing sakiwâ têngênipun. Kathah ugi wiranèm ingkang sampun kécalan tâtâ-krami sâhâ subâsitanipun mliginipun nalikâ lumampah ing pasrawungan. Awit saking mênikâ, kanthi garapan *naskah Sêrat Wasitâdarmâ* mênikâ sagêd nambahi wawasan kanggé masarakat bab pambukaning tékad supados tulus dhatêng kautamèn nalikâ lumampah ing pasrawungan umum.

Wondéné wosing prakawis panalitèn mênikâ kados makatên. (1) Kadospundi *inventarisasi naskah Sêrat Wasitâdarmâ?*, (2) Kadospundi *deskripsi naskah Sêrat Wasitâdarmâ?*, (3) Kadospundi *transkripsi naskah Sêrat Wasitâdarmâ?* (4) Kadospundi *transliterasi naskah Sêrat Wasitâdarmâ?* (5) Kadospundi *suntingan naskah Sêrat Wasitâdarmâ?*, (6) Kadospundi *terjemahan naskah Sêrat Wasitâdarmâ?*, (7) Mênâpâ kémawon piwulang *moral* ing pasrawungan salêbêting *teks Sêrat Wasitâdarmâ?*

CARANING PANALITÈN

Jinising panalitèn

Panalitèn mênikâ kalêbêt jinising panalitèn *deskriptif* kaliyan panalitèn *filologi modern*. Panalitèn *deskriptif* tumrap *naskah SWD* ginanipun kanggé ngandharakên kawontênaning *naskah sâhâ teks SWD*. Panalitèn kanthi *pendekatan filologi modern* dipuntindakakên

Kajian Filologi sâhâ ... (Indah Uci Wulandari) 3 amargi ancasing panalitèn mênikâ kanggé naliti satunggaling *naskah sêratan cithak*, inggih mênikâ *naskah SWD* kanthi lampah panalitèn *filologi*.

Sumber Panalitèn sâhâ Data Panalitèn

Naskah SWD ingkang dipunginakakên minangkâ *sumber* panalitèn ing panalitèn mênikâ, inggih mênikâ ingkang kasimpên ing Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya Tamansiswa Yogyakarta. *Naskah SWD* kapanggihakên dados *koleksi* Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya Tamansiswa Yogyakarta kanthi nomêr *kodeks* Bb.1.056. *Naskah SWD* mênikâ sinêrat mawi aksârâ Jâwâ cithak sâhâ sinêrat mawi bâsâ Jawi Anyar kanthi undhâ-usuk krâmâ kaliyan ngoko. *Teks SWD* sinêrat mawi dhapukan gancaran. Cacahing kâcâ *teks SWD* ingkang dipuntaliti inggih mênikâ wontên 19 kâcâ.

Caranipun Ngêmpalakên Data

Cârâ ngêmpalakên *data* wontên panalitèn mênikâ kanthi cârâ maos utawi *studi pustaka*, ningali utawi *pengamatan langsung*, sâhâ nyêrat. Maos dipuntindakakên supados mangrêtosi wontên pundi kémawon *naskah* ingkang dipundadosakên *sumber* panalitèn dipunpanggihakên, sâhâ mangrêtosi isining *teks* ingkang dipuntaliti. Wondéné ningali kanggé mangrêtosi kawontênan *fisik*-ipun *naskah* ingkang dipuntaliti. Salajêngipun katrangan-katrangan ingkang sampun dipunpanggihakên lumantar maos sâhâ ningali lajêng dipunsêrat minangka *data* panalitèn. Wondéné anggènipun ngêmpalakên *data* ngginakakên lampahing

Dra. Hesti Mulyani, M.Hum.

panalitèn *filologi* kanggé ngandharakên isining *teks SWD*.

Pirantosing Panalitèn

Pirantosing panalitèn ingkang dipunginakakên wontên ing panalitèn mênikå awujud *kartu data*. *Kartu data* dipundamêl kanggé nyêrat *data-data* ingkang dipunrêmbag inggih mênikå 1) *Kartu Data Deskripsi Naskah*, 2) *Kartu Data Asiling Transliterasi sâhå Suntingan Teks*, 3) *Kartu Data Asiling Terjemahan Teks*, 4) *Kartu Data Aparat Kritik*, 5) *Kartu Data Piwulang Moral*

Caranipun Ngrêmbag utawi Analisis Data

Analisis *data* utawi ngrêmbag *data* ingkang sampun kapanggihakên dipuntindakakên kanthi cara *analisis deskriptif*. Kaelan (2005: 68) ngandharakên bilih wujud pangrêmbaging *data* panalitèn kanthi *deskriptif* dipuntindakakên kanthi sakawan lampah, inggih mênikå maos sâhå *reduksi data*, *pengkategorian*, *display data*, sâhå *penafsiran*.

Caranipun Ngêsahakên Data

Caranipun ngêsahakên *data* wontên panalitèn mênikå dipuntindakakên kanthi *validitas* sâhå *reliabilitas*. *Validitas* ingkang dipunginakakên inggih mênikå *validitas semantik*. *Reliabilitas* ingkang dipuntindakakên inggih mênikå *reliabilitas intrarater* sâhå *reliabilitas interater*.

ASILING PANALITÈN SÂHÅ PANGRÊMBAGIPUN

Saking asiling *studi katalog* sâhå ningali piyambak *naskah SWD* wontên ing papan

Kajian Filologi sâhå ... (Indah Uci Wulandari) 4 panyimpênipun, dipunpanggihakên kalih *eksemplar*. Satunggal *eksemplar* dipunpanggihakên ing *Buku Daftar Koleksi Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya Tamansiswa Yogyakarta* ingkang dipundadosakên *sumber* panalitèn ing panalitèn mênikå. Satunggal *eksemplar* malih dipunpanggihakên ing Perpustakaan Universitas Indonesia ingkang dipuntingali lumantar *katalog online UI* ing <http://lontar.ui.ac.id/>.

Ananging dipunpanggihakên ugi *naskah* ingkang sajinis inggih wontên tigang *eksemplar*. Kalih *eksemplar* dipunpanggihakên ing *Katalog Induk Naskah-Naskah Nusantara Jilid I*; Museum Sonobudoyo (Behrend, 1990). Satunggal *eksemplar* dipunpanggihakên ing *Descriptive Catalogue of the Javanese Manuscripts and Printed Books in the Main Libraries of Surakarta and Yogyakarta* (Girardet, 1983).

Kawontênaning *naskah Sêrat Wasitådarmå* sampun radi rusak amargi umuripun ingkang sampun tuå. Kacanipun taksih jangkêp, urut botên wontên ingkang ical mênâpâ déné rusak, nanging wontên sapérangan kâcå ingkang sampun ucul saking jilidan *naskah*-ipun sâhå wontên ugi sapérangan kâcå ingkang sami bolong alit amargi dipunkrikiti kèwan rayap. Sinaoså *naskah*-ipun sampun radi rusak, *teks*-ipun taksih cêthå sâhå gampil dipunwaos kanthi sêratan aksâra Jåwå cithak.

Teks Sêrat Wasitådarmå dipunsêrat ngginakakên dlancang polos warni soklat nèm. Kandêlipun *naskah* inggih mênikå 0,6 *centimeter*. Ukuraning *naskah* wiyaripun inggih mênikå 14,5 *centimeter*, déné panjangipun inggih mênikå 23

Dra. Hesti Mulyani, M.Hum.

centimeter. Ukuraning *teks*-ipun wiyaripun inggih mênikâ 10,8 *centimeter*, déné panjangipun inggih mênikâ 19,7 *centimeter*. Ukuraning *margin*-ing *teks* inggih mênikâ nginggil (*top*) 2,3 *centimeter*; ngandhap (*bottom*) 0,8 *centimeter*; kiwâ (*left*) 1,4 *centimeter*; têngên (*right*) 1,8 *centimeter*. Kathahing larik sabên kacanipun inggih mênikâ cacah 25 larik.

Naskah SWD namung ngêwrat satunggal *teks* kémawon inggih mênikâ *teks SWD*. *Teks SWD* kasêrat kanthi ngginakakên aksârâ Jâwâ cithak. Sikaping aksaranipun inggih mênikâ jêjêg, nanging sapérangan wontên ingkang miring manêngên. Nomêripun kâcâ *naskah SWD* mapan ing nginggil sisih têngah kanthi nginakakên ângkâ Latin.

Metode transkripsi ing panalitèn tumrap *SWD* mênikâ ngginakakên *metode transkripsi diplomatik*. Inggih mênikâ katindakakên kanthi nyêrat malih *teks SWD* mawi aksârâ ingkang sami inggih mênikâ aksârâ Jâwâ dhatêng aksârâ Jâwâ sâhâ kasêrat mênâpâ wontênipun kados déné sêrataning *teks*-ipun.

Transliterasi ing panalitèn mênikâ katindakakên kanthi nggantôs sêratan aksârâ Jâwâ dhatêng aksârâ Latin. *Metode transliterasi* ingkang dipunginakakên ing panalitèn mênikâ inggih *metode transliterasi standar* inggih kasêrat adhêdhasar éjaan ingkang lêrês utawi kajumbuhakên kaliyan pandom ingkang gumathok, inggih mênikâ *Ejaan yang Disempurnakan* (EYD).

Suntingan teks edisi standar wontên ing panalitèn mênikâ dipuntindakakên kanthi cârâ *standarisasi ejaan* adhêdhasar *Baoesastra Djawa*

Kajian Filologi sâhâ ... (Indah Uci Wulandari) 5 (Poerwadarminta, 1939) sâhâ buku *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan* ingkang dipunwêdalakên déning Balai Bahasa Yogyakarta (2006). Kajawi adhêdhasar kamus sâhâ buku, *suntingan teks edisi standar* wontên ing panalitèn mênikâ ugi dipuntindakakên adhêdhasar pangrêtosan sâhâ *kontekstual*-ing *teks*.

Terjemahan teks SWD wontên ing panalitèn mênikâ katindakakên kanthi nggantôs basaning *sumber* dhatêng bâsâ *sasaran*, inggih mênikâ bâsâ Jawidhatêng bâsâ Indonesia. *Terjemahan teks* kajumbuhakên kaliyan *konteks* isi. *Terjemahan teks* ingkang kaginakakên inggih mênikâ *terjemahan harfiah*, *terjemahan isi/makna*, sâhâ *terjemahan bebas*. Tigang warnining *terjemahan teks* kasêbut katindakakên kanthi *kontekstual*.

Piwulang *moral* ing pasrawungan ingkang dipunbêdhah ing panalitèn mênikâ adhêdhasar *teks SWD* inggih mênikâ ingkang gayut kaliyan tumindaking manungsâ dhatêng titang sanès. Piwulang *moral* ingkang dipunpangguhakên dipun-*kategorisasi* dados warni kalih inggih mênikâ tumindak ingkang kêdah dipuntindakakên kaliyan tumindak ingkang kêdah dipunsingkiri déning manungsâ ing pasrawungan.

Piwulang *moral* ing pasrawungan salêbêting *teks SWD* ingkang kêdah dipuntindakakên déning manungsâ wontên tigangdâsâ tigâ. Wondéné andharanipun makatên.

1. Guyub Rukun: Guyub rukun inggih mênikâ kawontênaning manungsâ ing kahanan ingkang *damai*, tansah mitulungi antawisipun sêsami, sagêd nampi antawisipun sêsami ing kawontênan ingkang têntrem sâhâ adhêdhasar

Dra. Hesti Mulyani, M.Hum.

- pasarujukan sêsarêngan (Magnis-Suseno, 1984: 39).
2. Kêndêl: Kêndêl têngêsipun inggih mênikâ gadhah raos ingkang wantun utawi botên jirih.
 3. Kamulyan asalipun saking kasugihan: Ing pagêsangan bêbrayan masarakat, tiyang ingkang gadhah kasugihan ing sadâyâ bab kasaènan badhé angsal kamulyan saking tiyang sanès.
 4. Mantêp Têkadipun: Mantêp tékadipun têngêsipun inggih mênikâ tumindak kalawan ngêkahi pamanggihipun piyambak.
 5. Têmên: Têmên manahipun inggih mênikâ botên goroh utawi tindak-tandukipun mênâpâ wontênipun.
 6. Tabêri ing padamêlan : Tabêri ing padamêlan inggih mênikâ srêgêp sartâ tlatèn tumrap padamêlan.
 7. Ngatos-atos: Ngatos-atos inggih mênikâ tumindak kanthi botên sêmbrânâ. Nalikâ lumampah ing pasrawungan, manungsa kédah ngatos-atos anggènipun micârâ sâhâ anggènipun tumindak.
 8. Limpad: Limpad inggih mênikâ mumpuni ing kawruh. tiyang ingkang mumpuni ing kawruh sagêd nampi dhatêng kathah tindak-tanduk.
 9. Lantip: Lanthip inggih mênikâ landhêp panggalihipun. Lumantar landhêping panggali, sumrambahipun ugi dhatêng alusing panggalihipun.
 10. Lêngâ: Lêngâ inggih mênikâ kraos bingah (marêm) amargi kalêksanan sêdyanipun (Poerwadarminta, 1939: 268).

Kajian Filologi sâhâ ... (Indah Uci Wulandari) 6

11. Têpâ slirâ: Têpâ slirâ inggih mênikâ ngraosakên manahipun tiyang sanès adhêdhasar dhirinipun piyambak.
12. Narimâ: Tansah narimâ atêgês tansah nampi sadâyâ tindak-tanduk.
13. Mangrêtos ing Ukum: Mangrêtos ing ukum têngêsipun inggih mênikâ paham saestu ngèngingi pranatan, *norma*, mênâpâ déné *aturan*.
14. Njagi Lésan: Njagi lésan inggih mênikâ ngatos-atos nalikâ micârâ awit sadâyâ ingkang mêdal saking lésan mênikâ wontên tanggêl jawabipun.
15. Nindakakên Tâtâkrami: Tâtâkrami inggih mênikâ unggah-ungguhing wicantênan tuwin tindak-tanduk (Poerwadarminta, 1939: 595).
16. Andhap-asor: Andhap-asor inggih mênikâ trêp anggènipun ngaosi dhirinipun piyambak utawi botên gumêdhé (Poerwadarminta, 1939:11).
17. Waspadâ: Waspadâ inggih mênikâ awas sâhâ ngatos-atos tumrap sadâyâ bab ing pagêsangan.
18. Waskithâ: Waskithâ inggih mênikâ awas, sagêd mangrêtos tumrap prakawis ingkang sinamar kados tâ batinipun tiyang sanès.
19. Gunawan: Gunawan inggih mênikâ sugih kapintêran. Manungsa sagêd dados gunawan manawi tansah pados ngèlmi.
20. Wicaksânâ: Wicaksânâ inggih mênikâ sagêd ngginakakên budinipun kanthi lêrês (Poerwadarminta, 1939: 666).
21. Adil: Adil inggih mênikâ botên pilih sih (Poerwadarminta, 1939: 2)

Dra. Hesti Mulyani, M.Hum.

22. Sagêd amrayogi: Sagêd amrayogi têngsipun nglêrêsakên tumindak utawi prakawis ingkang klèntu.
23. Prasâjâ: Prasâjâ inggih mênikâ tumindak sâhâ micârâ ingkang mênâpâ wontênipun.
24. Ajrih dhatêng sarunipun: Tiyang ingkang kulinâ tumindak kanthi sopan sâhâ ngêcakakên tâtakrami ajrih manawi ngantos tumindak ingkang saru utawi botên sopan. Awit saking mênikâ tumindak kanthi sopan sâhâ ngêcakakên tâtakrami kédah tansah dipuncakakên ing pundi kémawon.
25. Isinan dhatêng lêpatipun: Tiyang manawi sampun kulinâ tumindak kanthi lêrês badhé kraos isin manawi sawêkdal-wêkdal tumindakipun lêpat. Tiyang manawi tumindakipun lêpat kédahipun ènggal nyuwun pangapuntên sâhâ mbênêrakên tumindakipun.
26. Nyingkirakên tumindak lêpat, ngulinakakên ing kasaénan: Kanthi kulinâ tumindak ing kabêcikan sâhâ nyingkirakên tumindak ingkang lêpat, manungsa sagêd tansah ngatos-atos anggènipun tumindak.
27. Mitulungi: Manungsa gêsang ing alam donyâ kédah tansah tulung-tinulung kaliyan tiyang sanès. bab mênikâ amargi manungsa botên sagêd gêsang piyambak satêmah tansah mbêtahakên tiyang sanès.
28. Rumaos manawi nindakakên kalêpatan: tiyang ingkang tumindakipun lêpat kédahipun sagêd rumaos. Tiyang ingkang rumaos tumrap kalêpatanipun lajêng nyuwun pangapuntên têngsipun tiyang mênikâ taksih gadhah raos tanggêl jawab.

Kajian Filologi sâhâ ... (Indah Uci Wulandari) 7

29. Botên isinan: Tiyang mênikâ sampun kraos isin manawi mênâpâ ingkang dipuntindakakên utawi dipunyakini mênikâ lêrês.
30. Tanggêl Jawab: Tanggêl jawab inggih mênikâ tumindak kanggé mungkasi jêjibahan ingkang sampun dipunpitadoskên dhatêng piyambak.
31. Botên ngrêsulâ manawi angsal tumindak panganiâyâ sâhâ dipun siyâ-siyâ: Inggih kédah dipuntindakakên sanès ngrêsulâ, nanging kédah tansah tumindak ingkang saé kanthi iklas sâhâ sarèh kémawon supados tiyang ingkang tumindak kanthi siyâ-siyâ mênikâ sagêd èwah pangalihipun lajêng sagêd tumindak ingkang saé dhatêng piyambak.
32. Manawi angsal pacobèn ing dukâ botên salah tampi: Manawi manungsa dipundukani déning tiyang sanès, sampun ngantos klèntu ing panampi.
33. Piandêl: Piandêl inggih mênikâ sagêd dipunpitados. Manawi sampun dipunpitados déning tiyang sanès lajêng kédah njagi sangêt kapitadosan saking tiyang sanès kasêbut.

Kajawi tumindak ingkang kédah dipuntindakakên, manungsa ugi kédah nyingkirakên tumindak ingkang awon nalikâ lumampah ing pasrawungan. Adhêdasar *teks SWD* wontên wolulas tumindak ingkang kédah dipuntilarakên utawi dipunyingkirakên déning manungsa nalikâ lumampah ing pasrawungan. Andharanipun makatên.

1. Licik: Licik inggih mênikâ jirih utawi kalahan (Poerwadarminta 1939: 276). Tiyang ingkang gadhah sipat jirih sagêd njalari mênâpâ

Dra. Hesti Mulyani, M.Hum.

- ingkang dados kêkajênganipun botên sagêd dipungayuh
2. Goroh: Goroh inggih mênikå tumindak ingkang botên jumbuh kaliyan kasunyatan.
 3. Mêngêng: Mêngêng inggih mênikå nilarakên kawajibanipun. Tiyang ingkang botên mangrêtos mênåpå kémawon hak sårå kawajibanipun utawi langkung-langkung nilarakên kawajibanipun sagêd njalari bingung manahipun.
 4. Sêmbrånå: Sêmbrånå inggih mênikå kirang ngatos-atos. Manungså ingkang sêmbrånå tumrap tindak-tandukipun sagêd nuwuhakên cacad.
 5. Botên Êmpån papan: Êmpån papan inggih mênikå nggatosakên wontên pundi sårå kalih sintên nindakakên tindak-tanduk.
 6. Tumindak Kasar: Tumindak kasar inggih mênikå tumindak kanthi botên alus tumrap tåtåkrami.
 7. Angkårå: Angkårå inggih mênikå murkå, sadåyå kêkajênganipun kêdah kasêmbadan.
 8. Srèi: Srèi inggih mênikå tumindak ingkang drêngki utawi kêdah mênang piyambak.
 9. Murang cårå: Murang cårå inggih mênikå botên miturut kaliyan aturan utawi tumindak ingkang nyimpang.
 10. Sirik: Sirik atêgês sêngit dhatêng tiyang sanès utawi raos botên rêmên dhatêng tiyang sanès.
 11. Andhugal: Andhugal inggih mênikå ugal-ugalan. Tumindak ugal-ugalan, pungkasanipun sagêd dados tumindak kasar dhatêng tiyang sanès.
 12. Lêngguk: Lêngguk inggih mênikå tansah kêpéngin mênang piyambak

Kajian Filologi sårå ... (Indah Uci Wulandari) 8

13. Kilap: Kilap inggih mênikå nindakakên kalêpatan. Manungså ingkang nindakakên kalêpatan, samangké tamtu njalari sumêlangipun manah.
14. Blasar: Blasar inggih mênikå botên ngambah margi ingkang lêtês tiyang ingkang blasar sagêd nuwuhakên tumindak ingkang botên mantêp.
15. Rusuh: Rusuh inggih mênikå botên tåtå. Tiyang ingkang rusuh sayêktos badhé doså.
16. Kathung: Kathung inggih mênikå kirang mangrêtos. *Akibat* saking kirang mangrêtos sagêd nuwuhakên lêpatipun tumindak.
17. Médå: Médå inggih mênikå tumindak kanthi awon. Médå utawi tumindak ingkang awon sagêd njalari tumindak ingkang saru.
18. Mungkir: Mungkir inggih mênikå botên ngakoni. Tiyang ingkang gadhah sipat mungkir sagêd nuwuhakên cilåkå.

DUDUTAN SÅHÅ PAMRAYOGI

A. Dudutan

1. Inventarisasi *Naskah Sêrat Wasitådarmå*

Naskah Sêrat Wasitådarmå mênikå kapanggihakên wontên kalih *eksemplar*. Inggih mênikå kasimpên ing Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya Tamansiswa Yogyakarta sårå ing Perpustakaan Universitas Indonesia. Ananging wontên ugi *naskah* ingkang sajinis inggih mênikå kanthi irah-irahan ingkang sami kapanggihakên tigang *eksemplar*. Kalih *eksemplar* kasimpên ing Museum Sonobudoyo, satunggal *eksemplar* malih kasimpên ing Museum Radyapustaka Suråkartå. Amargi papan panyimpênipun ingkang têtibih, *naskah* ingkang

Dra. Hesti Mulyani, M.Hum.

dipuntaliti ing panalitèn mênikå ngginakakên ingkang kasimpên ing Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya Tamansiswa Yogyakarta kémawon. Wondéné ingkang kasimpên ing Perpustakaan Universitas Indonesia namung lumantar *studi katalog online* kémawon.

2. Deskripsi naskah *Sêrat Wasitådarmå*

Sêrat Wasitådarmå dipunpanggihakên wontên *Buku Daftar koleksi* Perpustakaan Museum Dewantara Kirtigriya Tamansiswa Yogyakarta kanthi nomêr *kodeks* Bb. 1. 056. ingkang mêdalakên *Sêrat Wasitådarmå* inggih mênikå drikkêré Mares (*Drukery Mars*). *Sêrat Wasitådarmå* dipunwêdalakên ing tlatah Suråkartå. Wondéné wêkdal anggènipun mêdalakên inggih mênikå ing warså 1930.

Kawontênaning *naskah Sêrat Wasitådarmå* sampun radi rusak amargi umuripun ingkang sampun dangu. Kacanipun taksih jangkêp, urut botên wontên ingkang ical mênåpå déné rusak, nanging wontên sapérangan kåcå ingkang sampun ucul saking jilidan *naskah*-ipun såhå wontên ugi sapérangan kåcå ingkang sami bolong alit amargi kèwan rayap. Sinaoså *naskah*-ipun sampun radi rusak, *teks*-ipun taksih cêthå såhå gampil dipunwaos kanthi sêratan aksårå Jåwå cithak. *Naskah Sêrat Wasitådarmå* kasamak *hard cover* kanthi warni soklat såhå kajilid ngginakakên *stapler*.

Naskah Sêrat Wasitådarmå mênikå kalêbêt *naskah* piwulang amargi ngandharakên piwulang bab tåtå krami såhå subåsitå mliginipun nalikå wontên ing pasrawungan umum. Wondéné basaning *teks Sêrat Wasitådarmå* ngginakakên

Kajian Filologi såhå ... (Indah Uci Wulandari) 9 båså Jawi Anyar. Undhå-usuk båså Jawi ingkang dipunginakakên inggih mênikå *ragam* kråmå kaliyan ngoko. Wondéné isinipun ngéngingi kadospundi caranipun srawung ig madyaning bêbrayan masarakat minångkå sarånå pambukaning tékad satêmah sagêdå mbéngkas kasangsåyå ing alam donyå.

3. *Transkripsi, Transliterasi såhå Suntingan Teks Sêrat Wasitådarmå*

Metode transkripsi ngginakakên *metode transkripsi diplomatik*, inggih mênikå nyêrat malih *teks* mawi aksårå ingkang sami såhå kasêrat mênåpå wontènipun kados déné sêrataning *teks*-ipun. Asiling *transkripsi* dipunpanggihakên *ciri-khas* saking sêrataning *teks SWD* antawisipun inggih mênikå ngå lélêt sagêd dipundadosakên pasangan ing tåtå panyêrating aksårå Jåwå salêbêting *SWD*.

Metode transliterasi ingkang dipunginakakên ing panalitèn mênikå inggih *metode transliterasi standar*. *Metode transliterasi standar* katindakakên kanthi ndamêl alih aksårå sêrataning *teks* ingkang kasêrat adhêdhasar éjaan ingkang lêrês utawi kajumbuhakên kaliyan pandom ingkang gumathok, inggih mênikå *Ejaan yang Disempurnakan* (EYD). Asiling *transliterasi* dipunpanggihakên têmbung- têmbung ingkang dados *ciri-khas* ing salêbêting *SWD*, antawisipun taksih ngginakakên têmbung punikå.

Suntingan teks edisi standar wontên ing panalitèn mênikå dipuntindakakên kanthi cårå *standarisasi ejaan* adhêdhasar *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939) såhå buku *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan* ingkang dipunwêdalakên déning

Dra. Hesti Mulyani, M.Hum.

Balai Bahasa Yogyakarta (2006). *Asiling suntingan teks ing salêbêting SWD*, dipunpanggihakên têngung-têngung ingkang lêpat amargi klentu anggènipun nyêrat sâhâ kédah dipunlêrêsakên.

4. *Terjemahan*

Terjemahan teks SWD ingkang kaginakakên inggih mênikâ *terjemahan harfiah*, *terjemahan isi/makna*, sâhâ *terjemahan bebas*. Tigang warnining *terjemahan teks* kasêbut katindakakên kanthi *kontekstual*. Saking asiling *terjemahan*, manawi wontên têngung ingkang angèl dipunalih-basakakên supados nggampilakên pamaos anggènipun mangrêtos isining *teks SWD* ingkang salajêngipun kaandharakên wontên ing cathêtan *terjemahan*.

5. *Piwulang Moral ing Pasrawungan*

Piwulang *moral* ingkang kawrat ing *teks Sêrat Wasitâdarmâ*, awujud piwulang *moral* ingkang sagêd dipundadoskên pandoming gêsang ing madyaning bêbrayan masarakat. Piwulang *moral* ing pasrawungan ingkang dipunbêdhah ing panalitèn mênikâ adhêdhasar *teks SWD* inggih mênikâ ingkang gayut kaliyan tumindaking manungsâ dhatêng titang sanès. Salajêngipun, piwulang *moral* ingkang dipunpanggihakên dipun-*kategorisasi* dados warni kalih inggih mênikâ tumindak ingkang kédah dipuntindakakên kaliyan tumindak ingkang kédah dipunsingkiri déning manungsâ.

Piwulang *moral* awujud tumindak ingkang kédah dipuntindakakên déning manungsâ ing pasrawungan wontên kalihwêlas awujud kédah mantêp tékadipun, têngên sâhâ prasâjâ, waspâdâ,

Kajian Filologi sâhâ ... (Indah Uci Wulandari) 10 lêngâ, têngâ slirâ, mangrêtos ing ukum, njagi lésan, andhap-asor, wicaksânâ, nindakakên tâtâkrami, adil, sâhâ tanggêl jawab. Piwulang *moral salêbêting teks SWD* awujud tumindak ingkang kédah dipunsingkirakên déning manungsâ wontên wolu awujud goroh, mêngêng, sêmbrânâ, botên êmpan papan, tumindak kasar, srèi, murang cârâ, sâhâ sirik.

B. *Pamrayogi*

Adhêdhasar panalitèn *teks Sêrat Wasitâdarmâ* ingkang sampun dipuntindakakên, tamtu kémawon wontên pamrayoginipun. Pamrayogi kasêbut kaandharakên ing ngandhap mênikâ.

1. Panalitèn mênikâ taksih awujud panalitèn *awal* kanthi *fokus* inggih mênikâ piwulang *moral* ing pasrawungan umum. Pramilâ taksih prêlu dipuntindakakên panalitèn salajêngipun saking ngèlmi sanèsipun kados déné bâsâ utawi sastrâ.
2. *Naskah* kinâ, mliginipun *naskah-naskah* Jawi saking asiling budâyâ *nenek-moyang* jaman rumiyin ingkang ngêwrat *ide*, *gagasan*, *pikiran*, *sartâ informasi* ingkang maédahi tumrap masarakat jaman samênikâ. Pramilâ, panalitèn tumrap *naskah-naskah* kinâ kédah dipuntaliti kanggé nglêstantunakên isining *naskah* mliginipun piwulang ing salêbêting *naskah*.

KAPUSTAKAN

A. *Manuskrip*

- *Sêrat Wasitâ Darmâ*. 1930. Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya Taman Siswa Yogyakarta: Drikkere Mares. Nomêr *koleksi* Bb. 1. 0056.

Dra. Hesti Mulyani, M.Hum.

B. Pustaka

Baroroh-Baried, Siti, dkk. 1985. *Pengantar Teori Filologi*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.

Darusuprpta. 1984. "Beberapa Masalah Kebahasa dalam Penelitian Naskah". *Widyaparwa*. Nomor 26 Oktober. Yogyakarta: Balai Penelitian Bahasa Departemen P & K.1990.

Darusuprpta, dkk. *Ajaran Moral dalam Susastra Suluk*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

Djamaris, Edwar. 2002. *Metode Penelitian Filologi*. Jakarta: CV Manasco.

_____. 1977. *Filologi dan Cara Kerja Penelitian Filologi*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.

Katalog Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya Tamansiswa Yogyakarta.

Magnis-Suseno, Franz. 1984. *Etika Jawa "Sebuah Analisa Falsafi tentang Kebijaksanaan Hidup Jawa"*. Jakarta: Gramedia.

Mulyana, 2008. *Semantik Bahasa Jawa Kajian Lengkap Dinamika Makna dalam Bahasa*. Jakarta: Universitas negeri Jakarta.

Mulyani, Hesti. 2009. *Komprehensi Tulis Jawa*. Diklat Mata Kuliah Komprehensi Tulis II. Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.

_____. 2009. *Teori Pengkajian Filologi*. Diklat Mata Kuliah *Filologi Jawa*. Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.

_____. 2011. *Komprehensi Tulis Jawa*. Diklat Mata Kuliah *Filologi Jawa*. Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.

Kajian Filologi sâhâ ... (Indah Uci Wulandari) 11

_____. 2012. *Membaca Manuskrip Jawa*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.

_____. 2014. *Teori dan Metode Pengkajian Filologi*. Yogyakarta: Astungkâra Media.

Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: J.B Wolters` Uitgevers-Maatschappij N. V.

Sumarsono, HR. 2017. *Mengkritisi Aporisma Orang Jawa*. Bekasi: Media Maxima.